



Limyè Pou Lekòl La

Septanm/Oktob 2012

Èske sa ki pa Gen Esplikasyon pa Kapab Esplike ?

—Paul M. Weaver

« Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen L', pou byen tout moun Li te fè lide rele » (Women 8 : 28).

Vèsè sa a se yon ankourajman pou anpil kretyen. Nou fè Bondye konfyans tout bagay ki afekte nou va travay pou bi Li. Konsa, nou konsidere yo bon pou nou, malgre kounyeya oubyen nan fason lòm panse, nou pa ta konsidere li bon.

Kèkfwa lòm pa ka konprann kòman yon bagay mal ki fè yo souffri kapab rive fè yo byen epi akonpli bi Bondye. Lòm panse Bondye dwe nan yon fason oubyen yon lòt esplike oubyen jistifye sa Li pèmèt lè bagay sa yo pa dezirab ; men se yon move panse konsènan Bondye. Bondye kapab esplike kèk bagay. Li kapab jistifye kèk bagay Li fè. Men lòm dwe egzèsè lafwa lè Bondye pa esplike ni jistifye sa Li fè. Nou pa bezwen espikasyon pou aksyon inesplikab Li yo. Olye souffri pou repons, nou dwe fè lwanj Bondye pou pwovidans Li. Lè sa difisil pou nou konprann, nou bezwen fè konfyans nan volonte pafè Li pou nou, epi repoze nan sa.

Bondye nan pwovidans Li gen yon bi pou tout bagay Li pèmèt rive. Si Bondye chwazi pa esplike nou sa Li fè, sa pa siyifi Li pa gen rezon. Sa pa siyifi nou gen dwa blame Bondye paske Li pa bay yon espikasyon ki jistifye aksyon Li. Tout konesans Li pèmèt Li fè sa lòm panse ki lojikman enposib oubyen inesplikab.


Bondye pa t' bay Jòb yon espikasyon long poukisa byen li yo te detwi, oubyen poukisa pitit li yo te mouri nan katastwòf yo, oubyen poukisa kò li te plen bouton maleng. Okontrè, Seyè a te bay Jòb yon koudèy sou Li menm kòm Kreyatè : « Ki kote ou te ye lè Mwen t'ap poze fondasyon latè ? » Revelasyon Bondye te sifi pou fè Jòb deklare, menm nan mitan kalamite pèsònèl li : « Mwen

wete tout sa mwen te di. Mwen kouche sou sann ak nan pousyè, m'ap mande padon » (Job 42 : 6). Nou menm tou, nou dwe konfyè lavi nou nan pwovidans Bondye ki gen tan nou nan men Li. Li konnen jou nou fèt ak jou n'ap mouri. Li kenbe linivè a nan men Li ; poukisa Li pa kapab kontwòle lavi nou, menm si nou pa konnen poukisa L'ap fè sa L'ap fè yo ?

Olye bay limanite espikasyon pou tout soufrans, doule, trajedi, malè ak peche nan ras lòm, Bondye te bay yon remèd pou wete yo. Sou lakwa, tout madichon pou yon mond pèdi epi chite te tonbe ansanm sou Jezi Kris, Seyè nou an, ki siyifi Li te souffri plis pase nenpòt moun te kapab janm souffri. Yon moun gen limit sa li kapab souffri ; apre sa lanmò soulaje penn ak soufrans sa a.

Nou pa kapab akize Bondye pou di Li endiferan oubyen Li pran distans ak soufrans nou yo. Li konnen sa pi byen pase nou paske Li te fè esperyans li. Li te souffri plis pase nenpòt sa yon moun te kapab souffri.

Kris te vini bay solisyon pou de (2) pwoblèm : peche ak lanmò. Peche ak lanmò te pèdi pouvwa yo epi te klouwe sou lakwa. Nan limyè lakwa, ki mete tout bagay nan yon



nouvo vizyon, nou pa dwe plenyen pou repons. Lamou Bondye va tèlman klè ak pisan lè nou wè li nan vizyon klè Kalvè a. Bonte Li ak mizèrikòd Li va konplètman konpreyansib menm lè nou pa konprann tout bagay mal ki rive.

« Nou pa t' gade L' menm, tout moun te vire do ba Li. Li te soufri anpil, Li te toutan nan gwo lapenn. Tout moun te vire tèt yo pou yo pa wè L'. Nou pa t' okipe L' Nou pa t' pran ka L' menm. Men, se soufrans nou te gen pou nou soufri a Li te soufri pou nou. Se doulè nou te gen pou santi nan kò pa nou Li te pran sou do L' Nou menm menm, nou te konprann se pini Bondye t'ap pini L'. Nou te konprann se frape Bondye t'ap frape L', se kraze Bondye t'ap kraze L' anba men L'. Men se pou peche nou kifè yo te mete san L' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze L' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou Li li tonbe. Se konsa Li ban nou kè poze. Avèk tout kou Li te resevwa yo, Li ban nou gerizon » (Ezayi 53 : 3-5).

Nan dezyèm vini Kris, nou va gen yon vizyon klè konsènan Bondye. Nou va wè Li kòm Kreyatè nou, Rachtè nou ak Wa nou. Akonpaye chak trajedi lòm se reyalite etènèl Jezi, Sila a ki fè tout bagay, Li menm ki soutni epi rachte limanite.

« Konsa tou, sa nou wè kounyeya, se tankou yon pòtre n'ap gade yon jan twoub twoub nan yon glas. Men, pita nou pral wè fasafas. Kounyeya nou pa fin konn tout bagay. Men pita n'a konnen nèt ale menm jan Bondye

konnen nou an » (1 Korentyen 13 : 12). Tout bagay nan esperyans lavi a va klè. Sa ki te enkonni pou nou oubyen ki te depase konesans nou va parèt kòm gran bi viktorye Bondye – yon amoni diven.

Kisa n'ap di la a ? Tout mal va jwenn espikasyon ? Bondye kapab tire byen nan bagay ki mal ; dèyè tout amètè ak soufrans, Bondye ap travay plan Li yo nan yon fason pi jis ak pi plen mizèrikòd, pou alafen tout peche ak mal kapab fini. Men pwomès sa yo pa asire tout mal va jwenn espikasyon, oubyen te genyen yon bon rezon pou chak mal. « Nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen » pa siyifi L'ap pote byen kounyeya nan chak sikonstans mal oubyen soufrans. Pou kapab wè gran bi dominan, se pa menm tankou genyen chak soufrans ak doulè ak enjistis konplètman esplike.

Yon jou nou kapab wè bonte Bondye revele nan solisyon Li genyen pou peche ak mal. Se pa menm bagay tankou genyen bi, rezon pou chak peche ak mal esplike, kòm si yo se eleman enpòtan nan plan Bondye. Nan ka lakwa a, sa ki sanble te mal te esplike, men sa pa di nan tout ka mal dwe gen espikasyon.

Lè Bondye pèmèt yon esperyans inespikab, je lafwa – ki ban nou espwa ak prèv pou sa ki envizib – se espikasyon nou. Direksyon Bondye se tout sa nou bezwen pou konfyans total ak lafwa.

Atik sa a soti nan *The Christian Contender*, May 2010
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

Yon Gran Plan

—Alan Cliburn

Bèd Eskòt te tyèke imaj li nan fenèt famasi a. Li te vle parèt byen nan entèvyou a.

Kot bis la ? Li te reflechi, pandan li t'ap mache nan koub la ap gade si lwen je li te kapab wè anba Boulva Witkonb.

Li te gade mont li. Te gen ase tan. *Poze ou*, li te di nan tèt li avèk fèmte. *Tout bagay pral mache byen*. Travay nan Boutik Penti Diksonn nan se egzakteman sa li te genyen nan lespri li – twazè après lekòl ak tout jounen Samdi. *Se vre, mwen poko genyen travay la*, Bèd te fè tèt li sonje.

Msye Takstonn te mande li yè : « Ki laj ou ? Sèzan ? Disetan ? »

Bèd te vale saliv li. Yon lide te di li di sèzan, men li pa t' fè sa. Li te reponn : « Non, Msye, mwen gen kenzan ».

Asistan manadyè a te di li : « Ou sanble pi gran ». Li te gade Bèd. « Pi fò ti gason ta manti konsènan laj yo

pou jwenn travay sa a. Poukisa ou pa t' bay manti ? »

Bèd te reponn senpleman : « Mwen pa nan bay manti ». Li te prèske ajoute li se yon kretyen, men pa t' gen tan pou sa.

Msye Takstonn te kontinye : « Odinèman nou anplwaye pi gran gason. Manadyè a jwenn yo plis kapab pran responsab. Men, mwen panse ou kapab fè travay la. M'avp di yon bagay – vini demen a 4è egzat, mwen panse ou va jwenn travay la. Se Mesye Kaldwèl ki toujou anplwaye moun, men mwen va ba li yon bon pawòl pou ou, Bèd ».

Bèd te reponn : « Mèsi ».

Asistan manadyè a te avèti li : « Se pou vini alè oubyen ou mèt kite sa. Mesye Kaldwèl bay bagay konsa anpil enpòtans epi va genyen lòt gason k'ap vini a 4è15 ».

Bèd te pwomèt : « M'ap la a 4è. Mèsi davans ».

Paran li yo pa t' gen pwoblèm pou ba li lajan pou

li depanse, men Bèd te fatige mande yo lajan pou depanse toutan. Anplis, li te vle kòmanse ekonomize lajan pou achte yon machin ak kèk lòt bagay.

Jou a te prèske pafè jiskisi epi Bèd te pran sa kòm yon endikasyon travay entèvyou a ta mache menm jan. Sa pa t' menm dekouraje li lè Leyoni Wilyam te di li non lè li te envite li nan reyinyon jenès legliz la.

Leyoni te di Bèd byen sèk : « Ou pa t' menm bezwen mande sa. Mwen pa entèrese nan anyen konsènan legliz ».

Bèd te di : « Ou pa konnen sa ou manke ».

« Wi, se vre ».

Vini, bis ! Bèd te di nan silans, pandan li t'ap tyeke mont li ankò.

Briskeman yon machin te rete jis kèk mèt kote Bèd te kanpe a. Yon fanm anviwon laj manman Bèd te sote deyò. Li te di : « Mezami ! »

Yon granmoun fanm andedan machin nan te vle konnen sa k' pase : « Kisa li ye, Doris ? »

« Kawòtchou plat ! »

Bèd te gade pandan fanm granmoun nan te soti nan machin li an epi kanpe ak fanm nan ki te pi jenn. « Èske ou kapab chanje yon kawòtchou, Doris ? »

« Mwen panse sa, Manman. Men ak rad sa yo ... Rele Jan nan biwo a ».

« Li p'ap kapab janm rive isi a alè. Epi pa gen pèsòn lakay nonplis ».

Kantite machin k'ap sikile sou Witkonm te pi plis kounyeya. Bèd te kontinye panse youn nan machin yo ki t'ap pase yo ta remake de (2) fanm yo epi rete pou ede yo. Li ta ofri èd li si li pa t' gen yon entèvyou pou travay la. Men okenn machin pa t' rete pandan pi jenn fanm nan te rale yon dyak dèyè machin nan epi gade li.

Li te di : « O, Bondye. Mwen pa menm konnen ki kote pou mwen mete li ».

Bon, mwen kapab omwens di li sa, Bèd te deside, pandan l' t'ap mache pou ale nan machin nan. Li te di : « Eskize mwen, Madanm. Petèt mwen kapab ede ou kòmanse ».

Granmoun fanm nan te di li : « Nou ta rekonesan anpil. Mwen gen yon avyon pou mwen pran ».

Bèd pa t' reponn. Li te gen yon kote pou li ale li menm tou. Rapidman li te mete dyak la nan bon pozisyon an epi li te kòmanse monte li, rete anvan kawòtchou a te kite tè a.

Pi jenn fanm nan te mande : « Tanpri kontinye ! »

Bèd te esplike : « Boulon yo dwe lache anvan. Se enpe pi difisil si kawòtchou ap vire touwon ».

« Oo, wi se vre ».

Bèd te gade men li. Yo te sal deja, jis nan mete dyak la anba oto a ak monte li. « Petèt si ou kapab jwenn

yon lòt moun- »

Pi granmoun fanm nan te vle konnen : « Kilès ? Gade, si se lajan ou vle- »

Bèd te asire li : « Non, se pa sa. Men ... »

Pi jenn fanm nan te di : « Manman mwen te vin vizite isi a. Kounyeya papa mwen fè yon estwòk, li dwe tounen lakay pou pran swen li. A 4è30 avyon an ap vole epi se dènye a ki konekte nan Senlwi ».

Bèd te vale saliv li. Li te reyèlman sanble enpòtan. Men travay li te enpòtan tou ! « Bon, m'ap fè sa m' kapab avan bis mwen an vini ».

Bèd te ede papa li chanje kawòtchou anpil fwa, men li pa t' janm fè sa poukont li anvan.

Granmoun fanm nan te kontinye kriye : « M' pral rate avyon an. Se sa mwen konnen ».

« Li prèske fini, Manman ».

Bèd te fòse yon souri, men li te lwen fini toujou. Li te panse yon moun ki te gen anpil fòs te mete boulon sa yo, pandan li t'ap mete tout fòs li. Finalman yo te kòmanse lache.

Li te di fanm yo : « Sa pa dwe pran lontan kounyeya ».

Fanm nan te mande : « Tanpri prese ! »

Bèd t'ap wete kawòtchou plat la nan machin nan lè li te tande yon bri familye. Li te rele : « Men bis mwen ap vini ! »

Pi granmoun fanm nan te mande : « Èske ou pa kapab pran pwochen an ? »

Bèd te reponn : « Non ». Men pa t' gen pèsòn ap tann nan estasyon bis la, konsa bis la te pase dwat kote Bèd pandan li te kanpe bò kote machin nan, kawòtchou plat la te bò pye li. Li te panse, *Mwen pa ladan ankò pou jwenn travay kay Diksonn*. Rapidman li te monte kawòtchou a.

Bèd te avèti : « Mwen pa kapab sere boulon sa yo solid tankou yo te ye anvan. Men yo va bon ase pou ou kontinye ». Jantiman li te mete kouvèti kawòtchou a nan plas li epi pote zouti yo mete nan kòf machin nan. « Mwen fini wi ».

Pi jenn fanm nan te di pandan li t'ap tyeke mont li : « Mwen panse nou kapab rive alè kounyeya. Mèsi anpil. Èske nou kapab depoze ou yon kote sou wout la ? »

Bèd pa t' konsidere posibilite sa a. « Wi, ou kapab ! M' prale nan Boutik Penti Diksonn nan ri Witkonm ak Sikamò ».

Fanm nan te reponn : « Se la mwen pral pase. Monte non ».

Bèd te gade men li ak rad li. Yo te sal. Mont li te di li 3è55. P'ap gen tan pou netwaye li pou entèvyou 4è, men li ta eseye.

Se kòm si chak kafou te gen blokis, men Bèd te chita dèyè nan machin nan ap eseye poze li. Li te

sonje : « Pa enkyete pou anyen », yon vèsè pwofèsè lekòl dimanch la te renmen site.

Granmoun fanm nan te di : « Se te vrèman byen ou te ede nou ».

Bèd te reponn : « Se te yon plezi. Mwen swete mari ou va byen. Mwen va lapriye pou li ».

« Mèsi anpil. Ki jan ou rele, pitit mwen ? »

« Bèd Eskòt, Madanm ! Nou rive isi nan Sikamò kounyeya. Senpleman depoze mwen nenpòt kote bò isi a ». Pi jenn fanm nan te rete machin nan bò koub la epi Bèd te desann. « Mèsi pou woulib la ! »

« Nou vle di ou mèsi tou ! »

Après sa machin nan te antre nan pil lòt machin yo epi disparèt anvan lontan.

Bèd te kouri travèse pakin nan, antre nan prensipal antre Boutik Penti Diksonn. Après sa, li te rete briskeman. Revèy la te frape 4è2. Twa ti gason ki te sanble pi gran pase Bèd t'ap tann avèk pasyans, abiye ak rad pwòp.

Msye Takstonn te avèk yon kliyan lè Bèd te antre nan boutik la, men anvan lontan li te mache nan direksyon kote Bèd te kanpe a. Li te kòmanse : « Mwen te di ou 4è egzat ». Après sa li te fonsse sousi li. « Kisa ki te rive ou ? »

Bèd te reponn : « Mwen te dwe chanje yon kawòtchou paske se te yon ijans ».

Msye Takstonn te esplikè : « Bon, lè ou pa t'isi a 4è, Msye Kaldwèl te mande si yon lòt te la. Plizyè ti gason te vini bonè – vin bonè se yon bon lide pou yon entèvyou travay konsa – yo rele premye gason an ki te la andan kounyeya. Ou p'ap genyen yon chans jan ou parèt la. Ban mwen nimewo telefòn ou kanmèm, m'ap rele ou lè gen yon lòt travay ».

« Èske mwen pa ta kapab netwaye mwen enpe ? »

Asistan manadyè a te di : « Ou pa bezwen pèdi tan ou. Pi fò nan lòt ti mesye sa yo se elèv nan dènye ane lekòl sekondè. Mwen regrèt sa pou ou ».

Bèd te soti nan boutik penti a avèk yon santiman dekourajman. Li t'ap mande tèt li poukisa machin sa a te gen yon pàn kawòtchou egzakteman nan estasyon bis la ? Men si sa te rive nenpòt lòt kote, fanm sa yo t'ap toujou gen pàn kawòtchou epi granmoun nan t'ap rate avyon li an.

Men omwens, mwen ta genyen travay mwen an, Bèd te panse. Imedyatman li te wont tèt li. Ki vèsè papa li te li yè swa pandan devosyon fanmi an ? Yon bagay ki sanble : « Nan tout bagay Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen L' ». Ki bon bagay ki kapab soti nan sa ? Bèd te mande tèt li. Pa t'gen lòt travay ozanviwon an. Li te tyeke chak posibilite, li te gen zanpoud nan pye li pou pwouve sa !

Nan menm tan an li te konnen li te fè sa ki byen lè li te ede medam sa yo. Yo pa t'ap janm kapab chanje kawòtchou a poukont yo. Yo pa t' menm konnen ki kote pou mete dyak la !

Lè li te tounen lakay, esplikè manman li rezon ki fè li te parèt sal, manman Bèd te di : « Ou ap jwenn lòt travay ».

Bèd te vle konnen : « Men poukisa Bondye kite sa rive ? Nenpòt lòt apremidi mwen ta kapab chanje kawòtchou sa a epi sa pa t'ap nwi, men jodi a ... »

Manman li te di : « Ou te fè sa ou te panse ki te byen. Se bagay ki te pi enpòtan an. Bondye va itilize sa pou pote glwa pou non Li ».

Bèd te fonsse sousi li. « Men mwen pa t' menm pale yo sou Bondye ditou, mwen pa t' menm panse sou sa ».

Pandan manman li t'ap mete manje nan fou a, li te di : « Tout bagay tonbe daplon nan men Mèt plan an. Ou pa janm konnen poukisa sa te rive, men kretyen ki obeyi jan Sentespri gide li gen asirans bagay yo travay ansanm pou byen li, menm jan vèsè a di ».

« Mwen panse sa ». Bèd te eseye dakò, men li pa t' montre anpil antouzyas. Li te swete li te kapab wè kèk bagay pozitif soti nan dekourajman li.

Anvan lontan li te jwenn yon bagay pozitif. Nan demen, Leyoni Wilyam te vin kote li nan ral lekòl la. Sa menm se te yon sipriz ; Bèd òdinèman te oblije chache wè Leyoni.

« Ey, Bèd, mèsi anpil ».

Bèd te fonsse sousi li. « Poukisa ? »

« Se vre, ou pa t' menm konnen, pa vre ? »

Bèd te reponn : « Leyoni, mwen pa gen menm yon ti lide sou sa w'ap di la a ».

Leyoni te esplikè : « Ou konnen, se manman mwen ak grann mwen ou te ede yè a lè yo te gen pàn kawòtchou a ».

Bouch Bèd te rete tou ouvè. « Se vre ? »

« Wi, se te vrèman yon bèl jès ou te fè, Bèd ! Fè m' konnen si gen yon bagay mwen kapab fè pou ou ».

Bèd te dakò, men li te toujou etone. « Wi, mwen va fè sa. Ki jan granpapa ou ye ? »

Leyoni te reponn : « Grann mwen te rele maten an, li te di li pral geri. M'a wè ou pita, petèt amidi ».

Bèd te di li : « Dakò », pandan li t'ap souke tèt li avèk etonnman pandan Leyoni–ki te difisil la – t'ap ale. Tout atidid li anvè Bèd te sanble chanje. « Nan tout bagay Bondye ap travay pou byen », Bèd te panse. Epi tout sa paske li te chanje yon kawòtchou.